

Atachman B – FÒM POU W RANPLI SI W PA VLE EMAIL & MATERYÈL DIJITAL ANDIPLIS POU PITIT OU

Non Elèv la (Ekri Siyati a)	Siyati li	Non	2è Non	#ID li
Dat Nesans	Lekòl li			Klas li
<p>Y’ap pèmèt itilizasyon teknoloji, ki gen ladann Entènèt la, pou moun gen aksè nan evalyasyon Eta a ak Distri egzije y o ak nan materyèl ki gen rapò avèk evalyasyon sa yo selon Règleman 2623 Direksyon Jeneal la e dapre Lwa 1008.22, 1008.24 ak 1008.385 nan Eta Florid. Ke w dakò ou pa, pitit ou ap gen aksè nan teknoloji sa a.</p> <p>Rezo Elèv yo e Règleman 7540.03 konsènan Itilizasyon Akseptab ak Sekirite sou Entènèt la nan paj xiii-xiv di konsa: “Distri a aplike pwoteksyon teknoloji, nan itilize mezi lojisyèl ak materyèl enfòmatis ki kontwole, bloke e filtre aksè entènèt yon seri bagay endesan oswa ki se danje pou moun anbazaj. Sepandan, yo avèti paran/responsab elèv yo yon itilizatè kèlkonk kapab gen aksè nan materyèl sou entènèt Direksyon Jeneal la pat otorize pou edikasyon.”</p>				
SI W PA VLE KONT EMAIL				
<p>Tout elèv ap gen aksè nan yon kont email distri a ap kontwole pou rezon edikatif pou yo kominike, kolabore e fè demann kontni kou yo ak devwa yo. Tanpri li règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la konsènan email elèv. W’ap jwenn règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la konsènan Teknoloji a nan sit: www.polk-fl.net, fè klik sou: Tech Policies (Règleman Teknoloji).</p> <p>Si w pa vle pitit ou gen aksè nan kont email Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid (SBPC) bay la, tanpri tcheke ti kare pi ba a:</p> <p><input type="checkbox"/> Pitit mwen an PA otorize gen aksè nan kont email elèv Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la mete a.</p>				
SI W PA VLE MATERYÈL DIJITAL				
<p>Pwofesè pitit ou a gen aksè nan kontni ak nan materyèl dijital andiplis atravè Entènèt la pou rezon edikatif. Pou plis enfòmasyon konsènan materyèl ak aplikasyon presi yo itilize yo, tanpri kontakte pwofesè pitit ou.</p> <p>Pi fò sit edikatif yo/aplikasyon yo gen deklarasyon sou vi prive ki mande pèmision paran pou pitit yo ka itilize yo. Yo pap bay pitit ou aksè si w tcheke ti kare pi ba a:</p> <p><input type="checkbox"/> Pitit mwen an PA otorize gen aksè nan kontni ak materyèl dijital andiplis pwofesè sal klas li a chwazi a.</p>				
PARAF PARAN AN				
<p>Mwen konprann lè mwen ranpli fòm sa a e mwen remèt li, SBPC ap limite aksè nan email elèv e/oswa nan lòt materyèl dijital.</p> <p>Ou dwe voye fòm sa a retounen nan lekòl pitit ou a nan de (2) semèn ouvèti lekòl la. Si nou pa resevwa li nan delè sa a, n’ap sipoze ou otorize pitit ou a pou l gen aksè epi itilize email elèv e nan lòt materyèl dijital SBPC pou rezon edikatif nan lide pou ogmante aprantisaj lakay elèv la. Chwa w fè yo ap valab pou tout ane lekòl la oswa jiskaskè ou remèt dokiman ki di ou fè yon chanjman.</p>				
Non Paran an (Ekri non an)	Paraf Paran an			Dat